

Ki jan pou gen yon tranzisyon swa nan jadendanfan

Pitit ou a ka fèk kòmanse lekòl matènèl, men byento li pral tan pou l prepare pou klas jadendanfan! Sèvi ak gid sa a pou prepare pou tranzisyon nan jadendanfan.

Ane prematènèl

- Bati bon abitud prezans.
- Se pou w gen yon plan transpò sekou pou asire pitit ou a ka ale lekòl.
- Poze pitit ou kesyon regilyèman sou jounen lekòl li a.
- Li tout materyèl lekòl la voye lakay ou.
- Mande yon pwofesè oswa yon manm pèsònèl lekòl la kijan pou w patisipe nan lekòl pitit ou a!

Janvyè - fevriye

Kontakte Depatman pou timoun piti nan distri w la oswa pwochen lekòl primè pitit ou a pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou w enskri pitit ou a nan jadendanfan ak nenpòt evènman k ap vini nan jadendanfan.



Mas-Me

Pran dokiman ki nesesè yo nan lekòl la pou konplete pwosesis enskripsyon an:

- Dat nesans
- Kat sekirite sosyal (si disponib)
- Fòm HRS fizik Florid yon doktè te bay (se ta dwe nan yon ane nan dat kòmansman lekòl la)
- Dosye vaksinasyon Florid sou kat di HRS la yon doktè bay
- De fòm verifikasyon adrès ki pwouve kote w abite men se PA lisans chofè w oswa kat idantite leta bay (pa egzanp, yon bòdwo sèvis piblik, kontra lwaye oswa yon kontra pou achte yon kay)



Me-Out

- Ede pitit ou a devlope endepandans lè li pratike ladrès pou ede tèt li (pa egzanp, bouton/deboutonn, boukle/deboukle, zipe, lasèt soulye). Gade fèy konsèy "Sa pitit ou a dwe konnen pou l pare pou jadendanfan".
- Vizite yon bibliyotèk lokal ak pitit ou a pou w li epi tcheke liv sou kòmansman jadendanfan. Gade Lis liv Tranzisyon pou jadendanfan pou jwenn yon lis tit liv yo sijere yo.

De semèn anvan lekòl kòmanse

- Pale ak pitit ou a sou sa pou l atann pandan jounen lekòl la ak sou fason pou l fè nouvo zanmi.
- Kòmanse yon woutin "ale kouche" aswè ak yon woutin "pare" nan maten.
- Si pitit ou a pral pote yon manje midi oswa yon ti goute, pratike ouvri ak fèmen veso ak sache manje.

Yon semèn anvan lekòl kòmanse

- Planifye pou w patisipe nan yon evènman retounen lekòl pou aprann plis sou pwogram jadendanfan lekòl la epi rankontre pwofesè pitit ou a.
- Pale ak enfimiyè lekòl la ak pwofesè pitit ou a si pitit ou a gen alèji, restriksyon sou rejim alimantè oswa bezwen espesyal.
- Pratike mache soti nan kote yo depoze l lekòl la al nan sal klas la ak pitit ou a pou devlope konfyans.
- Ede pitit ou a mete rad li ak valiz lekòl li pou l prepare pou woutin lekòl li a.

Premye jou lekòl!

- Bay anpil tan pou pare epi vwayaje al lekòl.
- Asire w pitit ou a ak pwofesè yo konnen ki jan timoun nan pral rive lakay ou.
- Pran plezi n epi selebre premye jou jadendanfan ansanm!